

# Vaksen kont Influenza

## Sa Ou Bezwen Konnen

(Vaksen Kont Grip, vivan, pou Pran Andedan tou nen) **2013-2014**

Anpil Bilten ki gen Enfòmasyon sou Vaksen an disponib nan lang Panyòl ak nan lòt lang. Ale nan sit entènèt [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)  
Hojas de información Sobre Vacunas están disponibles en español y en muchos otros idiomas. Visite [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1 Pou kisa pou mwen vaksinen?

Influenza (“grip”) se yon maladi kontajye ki simaye toupatou nan Etazini chak sezon livè, anjeneral ant mwa oktòb ak me.

Se viris influenza ki lakòz grip, epitou viris la kapab simaye lè moun ki gen grip la touse, etènye, oswa pran kontak sere avèk lòt moun.

Nenpòt moun kapab pran grip, men timoun yo gen plis risk pou pran grip la. Sentòm yo vini toudenkou epi yo ka dire plizyè jou. Kèk nan sentòm yo se:

- lafyèv/frison
- gòj fè mal
- doulè nan misk
- fatig
- tous
- maltèt
- nen k ap koule oswa nen bouche

Grip kapab fè kèk moun malad pi plis pase lòt moun yo. Kèk nan moun sa yo se jèn timoun, moun ki gen laj 65 ane ak plis, fanm ansent, ak moun ki gen sèten kondisyon medikal—tankou maladi kè, maladi poumon oswa maladi ren, oswa yon sistèm defans ki fèb. Vaksen kont grip la enpòtan sitou pou moun sa yo, ak pou nenpòt moun ki gen kontak sere avèk yo.

Grip ka lakòz nemoni tou, epi li fè kondisyon medikal ki la deja yo vin pi grav. Li kapab lakòz dyare ak kriz sou timoun.

Chak ane, **anpil milye moun nan Etazini mouri akòz grip**, epi anpil lòt moun entène nan lopital.

**Vaksen kont grip** se pi bon pwoteksyon nou genyen kont grip ak konplikasyon li yo. Vaksen kont grip ede evite yon moun simaye grip la ba yon lòt moun.

### 2 Vaksen kont grip ki vivan, mwens virilan—LAIV, Espre Nazal

Gen de (2) kalite vaksen kont influenza:

Ou pran yon **vaksen aktif modere kont influenza** (ki rele LAIV), yo flite nan nen ou. “Mwens virilan” vle di febli. Viris ki nan vaksen an febli yon fason pou yo pa kapab fè ou malad.

Yon diferan vaksen, “piki kont grip” (flu shot), se yon vaksen **inaktif** (ki pa gen viris vivan an). Yo bay li sou

fòm piki avèk yon zegwi. *Vaksen sa a dekri nan yon Bilten Enfòmasyon apa sou Vaksen an.*

Li rekòmande pou moun pran vaksen kont grip chak ane. Timoun ki gen laj 6 mwa jiska 8 mwa ta dwe pran de (2) dòz nan premye ane yo vaksinen.

Vaksen kont grip toujou ap chanje. Vaksen kont grip chak ane fèt pou bay pwoteksyon kont viris ki pi ka lakòz maladi a chak ane. Menmsi vaksen kont grip pa kapab evite tout ka grip yo, li se pi bon defans nou kont maladi a. LAIV bay pwoteksyon kont 4 diferan viris influenza.

Li pran apeprè 2 semèn pou pwoteksyon an devlope apre vaksen an, epi pwoteksyon an dire plizyè mwa a yon ane.

Gen moun ki erè lè yo panse yo gen grip pandan yo gen kèk maladi viris influenza **pa** lakòz. Vaksen kont grip p ap anpeche moun gen maladi sa yo. Li kapab anpeche moun gen influenza sèlman.

Yo ka bay LAIV pou moun ki gen laj **2 zan jiska 49 ane**, epi ki pa ansent. Yo ka bay vaksen san pwoblèm anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

LAIV pa gen thimerosal oswa lòt ajan konsèvasyon.

### 3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

Men sa pou di moun k ap ba ou vaksen an:

- **Si ou fè nenpòt alèji grav (ki menase lavi ou)**, tankou yon alèji ak ze. Si ou te janm gen yon reyaksyon alèjik ki menase lavi ou apre ou te pran yon dòz vaksen kont grip, oswa si ou fè yon alèji grav ak nenpòt pati vaksen sa a, ou pa ta dwe pran yon dòz.
- **Si ou te janm gen Sendwòm Guillain-Barré** (yon maladi paralizi ki grav, ki rele GBS tou). Kèk moun ki konn gen GBS pa ta dwe pran vaksen sa a. Ou ta dwe diskite sou sa avèk doktè ou.
- **Si ou te pran nenpòt lòt vaksen nan 4 dènye semèn yo, oswa si ou pa santi ou byen.** Yo ta ka mande ou pou rete tann. Men ou ta dwe retounen.



U.S. Department of Health and Human Services  
Centers for Disease Control and Prevention

• **Ou ta dwe pran piki kont grip alapas espre nazal si ou:**

- ansent
- gen yon sistèm defans ki fèb
- gen sèten pwoblèm sante depi anpil tan
- se yon jèn timoun ki gen opresyon oswa pwoblèm respirasyon siflant
- se yon timoun oswa yon adolesan ki sou terapi aspirin pandan anpil tan
- gen kontak sere avèk yon moun ki bezwen swen espesyal pou yon sistèm defans ki fèb anpil
- poko gen laj 2 zan oswa si ou gen plis pase laj 49 ane. (Timoun ki gen laj 6 mwa ak plis kapab pran piki kont grip la. Timoun ki poko gen laj 6 mwa pa kapab pran okenn vaksen.)

Moun k ap ba ou vaksen an kapab ba ou plis enfòmasyon.

**4 Risk yon reyaksyon nan vaksen an**

Avèk yon vaksen, tankou nenpòt medikaman, gen yon chans pou efè segondè. Anjeneral, efè segondè sa yo pa grav, epi yo ale poukont yo.

Efè segondè grav yo posib tou, men yo ra anpil. Yo fè LAIV avèk viris ki febli epi li **pa lakòz grip**.

**Ti pwoblèm yo te rapòte apre LAIV:**

*Timoun ak adolesan ki gen laj 2-17 ane:*

- nen k ap koule, nen bouche oswa tous
- lafyèv
- maltèt ak doulè nan misk
- respirasyon siflant
- doulè nan vant oswa vomisman oswa dyare pafwa

*Adilt ki gen laj 18-49 ane:*

- nen k ap koule oswa nen bouche
- gòj fè mal
- tous, frison, fatig/feblès
- maltèt

**Pwoblèm grav ki kapab genyen apre LAIV:**

- Ou kapab gen yon reyaksyon alèjik grav apre nenpòt vaksen (yo estime ki mwens pase 1 sou yon milyon dòz).

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sit entènèt:

[www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

**5 Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon grav?**

**Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt sa ki enkyete ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèv ki cho anpil oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon reyaksyon alèjik ki grav kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij, ak feblès. Siy sa yo ta dwe kòmanse ant kèk minit ak kèk èdtan apre vaksinasyon an.

**Kisa mwen ta dwe fè?**

- Si ou panse se yon reyaksyon alèjik ki grav oswa lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun nan ale nan lopital ki pi pre a. Si se pa sa, rele doktè ou.
- Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon an nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS, Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè sa poukont ou sou entènèt nan sit entènèt VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou ka rele **1-800-822-7967**.

*VAERS la sèlman pou pran rapò reyaksyon yo. Yo pa bay konsèy medikal.*

**6 Pwogram nasyonal pou konpansasyon pou chòk vaksen an lakòz**

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP, Pwogram nasyonal pou konpansasyon pou chòk vaksen an lakòz) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele **1-800-338-2382**, oswa yo ka ale sou sit entènèt VICP a nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation).

**7 Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande doktè ou.
- Rele depatman sante zòn ou oswa nan eta kote w ap viv la.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC):
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sit entènèt CDC a nan [www.cdc.gov/flu](http://www.cdc.gov/flu)

Bilten Enfòmasyon sou Vaksen (Pwovizwa)  
Vaksen kont influenza ki vivan, mwens virilan

26/07/2013

42 U.S.C. § 300aa-26

Office Use Only

